

ZÒN POU TAKSI K AP TANN AK VIN CHÈCHE PASAJE NAN TÈMINAL B AYEWOPÒ LAGUARDIA YO PRAL DEPLASE

Meera Joshi
Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Kòmanse samdi 5 me 2018, Otorite Pò New York/New Jersey a pral deplase Zòn pou Taksi k ap Tann ak Vin Chèche Kliyan nan Tèminal B Ayewopò LaGuardia a pou mete li nan Garaj Tèminal B, Nivo 2. Yo pa pral kite machin **vin chèche pasaje** nan Tèminal B sou bò twotwa Tèminal B a ankò nan okenn moman - operasyon Zòn pou Taksi k ap Tann ak Vin Chèche Pasaje a pral opere 24è sou 24, 7 jou sou 7 nan Garaj Tèminal B, Nivo 2.

Chanjman sa a p ap afekte **kote pou depoze pasaje** nan Tèminal B yo. Chofè taksi yo ka kontinye depoze pasaje yo nan Tèminal B.

Chanjman sa a p ap afekte operasyon zònpou taksi k ap tann ak vin chèche pasaje pou Tèminal A, C, ak D.

FHV Routing to Terminal B Garage (May 2018)

